



Pou Piblikasyon Imedya: 12/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON YON DEVLOPMAN
LOJMAN ABÒDAB KI GEN 43 INITE NAN UTICA**

***Artspace Utica Lofts pral ofri atis lokal yo lojman ak espas ekspozisyon nan Distri
Atistik ak Kiltirèl ki an plèn kwasans nan vil la***

***L ap konplete estrateji Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Utica a lè l bay plis
opsyon lojman abòdab pou izaj miks anba lavil***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke konstrikasyon te kòmanse nan yon devlopman lojman abòdab k ap gen 43 inite nan anba lavil Utica. Artspace Utica Lofts pral ofri atis lokal yo apatman ki bay bon ranman enèjetik epi li pral gen ladan yon espas ekspozisyon ki mezire prèske 800 pye kare. Devlopman an pral plis vanse objektif vil la genyen pou ogmante opsyon lojman abòdab pou izaj miks yo nan kad prim 10 milyon dola Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) Eta New York la.

"Tout moun merite gen yon espas pou yo di se lakay yo chèmèt chèmètès, pou yo konnen yo gen yon kote pou yo ale lannwit," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Artspace Utica Lofts pa sèlman apiye sou envestisman n ap kontinye fè nan anba lavil Utica, men tou li travay pou atenn objektif lojman eta nou an genyen yo. Devlopman sa a temwanyen patenarya djanm ki genyen ant eta a ak otorite minisipal yo, epi nan travay ansanm nou ka kontinye amelyore kalite lavi ak aksesibilite pou pyeton nan Utica pandan n ap ofri lojman ki sekirize, abòdab, ak dirab pou yon popilasyon atis ki plen talan ak divèsifye."

Nan senk ane yo ki sot pase la, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te kreye oswa prezève plis pase 1,000 lojman nan pri abòdab nan Utica. Artspace Utica Lofts ap kontinye efò sa epitou li fè pati Plan Lojman konplè 25 milya dola Gouvènè Hochul la pou kreye oswa prezève 100,000 lojman nan pri abòdab toupatou nan New York, ki gen ladan 10,000 lojman ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, epi pou elektrifye 50,000 nan lojman sa yo.

Nou pral konstwi Artspace Utica Lofts sou twa tèren vid ki chita nan Park Avenue nan Distri Atistik ak Kiltirèl Utica epi l ap anndan zòn sib DRI a. Lokal la chita nan mitan vil la ant Sant Atistik Stanley (Stanley Center for the Arts) a ak Enstiti Atistik Munson-

Williams-Proctor (Munson-Williams-Proctor Arts Institute) a. Olon lizyè bò lwès pwopriyete a, nou pral konstwi yon santye piblik/pak lineyè pou konekte l ak nouvo espas pou evènman piblik vil la prevwa fè a olon King Street la.

Tout 43 apatman yo pral nan pri abòdab pou fwaye k ap touche ant 40 a 80 pousan Revni Medyan Zòn (Area Median Income, AMI) lan epi li pral sèvi atis yo ak lòt moun endividyèl ak fanmi ki elijib yo. Pou garanti gen yon kominote atis ki divèsifye, Artspace pral travay ak The Center (yo te konn rele anvan Sant Resous pou Refijye nan Mohawk Valley a (Mohawk Valley Resource Center for Refugees)) pou mennen efò sansibilizasyon entansyonèl pou atire atis ki gen divès orijin kiltirèl ak etnisite.

Bilding lan k ap gen kat etaj, te konstwi pou reponn ak egzijans pwogram Nouvo Konstriksyon – Lojman Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) la. Tout bilding lan ap elektrik nèt epi li pral genyen sistèm chofaj, klimatizasyon ak vantilasyon ki bay bon ranman enèjetik, ansanm ak nouvo aparèy plonbri ak ekleraj. Nan kad pwojè a genyen kat pò chajman pou veyikil elektrik yo ak kat koneksyon ki prè pou mete chajè pou veyikil elektrik yo pou agrandisman alavni. Epitou, bilding lan pral itilize pratik enfrastrikti ekolojik yo tankou basen byoretasyon yo ak pave pèmeyab yo pou kapte ak trete dlo lapli tanpèt yo.

Pou fòme ekip devlopman an, Artspace Projects, Inc., aji kòm devlopè ak mèt devlopman an epi Calogero Partners kòm konsiltan devlopman an.

Finansman Eta a pou devlopman k ap koute 18.6 milyon dola a genyen ladan l 10.8 milyon dola Kredi Enpo Federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb ak 3.8 milyon dola sibvansyon Biwo HCR la bay. Konsèy NYS pou Zèv Atistik la te bay 1.3 milyon dola. Yon sibvansyon 650,000 dola ki soti nan fon DRI Utica te soutni finansman pwojè a. NYSERDA pran angajman pou bay 172,000 dola finansman. Vil Utica a te bay 700,000 dola nan fon Lwa sou Plan Relansman Ekonomik Ameriken (American Rescue Plan Act) an.

Komisè HCR la, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "Artspace Utica Lofts pral ofri 43 lojman abòdab ak espas ekspozisyon pou soutni kominote atistik kreyatif ak divèsifye ki an plèn kwasans anba lavil Utica. Envestisman Eta a ap fè nan devlopman sa ak nan anpil lòt ankò, ansanm ak 10 milyon dola Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, pral plis ranfòse repitasyon Utica kòm yon vil ki divèsifye, dinamik, ak akeyan. Mwen remèsye Majistra Palmieri pou patenarya li fè nan pwojè sa a ak anpil lòt moun ankò, epi mwen felisite li pou divès reyalizasyon li akonpli pandan manda li a. Epi mèsè Artspace Projects, Inc. paske nou fè pwojè pasyonan sa vin yon reyalite."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, Doreen M. Harris, te deklare, "Lè pwojè a fini, Artspace Utica Lofts pral demontre wòl kle efikasite enèjetik ka jwe nan kreyasyon espas pou izaj miks, nan pri abòdab ki bay rezidan k ap viv ak travay la yo bonjan kalite ak konfò, pandan l ap redui degajman danjere yo epi fè nou vanse pi pwòch reyalizasyon objektif enèji pwòp New York yo. Nan kad ajanda lidè onivo

nasyonal Gouvènè Hochul tabli an matyè enèji pwòp ak klima a, Nouyòkè yo toupatou nan eta ap wè avantaj tanjib ki amelyore mòdvi yo epi ede redui frè bòdwo enèji yo."

Sekretè Eta a, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la se yon pwogram devlopman ekonomik ki gen plizyè volè ki reyini biznis, travay, lojman ak kilti nan kad yon plan reyamenajman epi se poutèt sa atizay ak atis yo te pyès ki vin deplizanpli esansyèl nan tisi sosyal yon anba lavil ki dinamik, divèsifye ak enklizif. Lefèt ke pwojè sa pral entansyonèlman ofri imigran yo ak refijye yo opòtinite lojman nan pri abòdab temwaye yon lòt fwa ankò angajman Utica pran anvè divèsite etnik ak ekite sosyo-ekonomik nan anba lavil florisan li an."

Katherine Nicholls, ki se Prezidan Konsèy Eta New York pou Zèv Atistik la, te deklare, "Konsèy Eta New York pou Zèv Atistik la fyè pou l soutni konstriksyon reyamenajman enpòtan sa grasa yon prim Pwojè Kapital 1.27 milyon dola. Inisyativ vizyonè tankou sila a fè lide atizay ak kilti yo vin tounen aksyon dirèk. Gwo bravo pou Artspace Utica nan kòmansman pwojè sa, ki pral kreye travay, ranfòse kominote yo a epi anime rezidan ak vizitè yo nan rejyon an. Nan non anplwaye yo ak Konsèy la, mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak Asanble Lejislatif la pou sipò yo bay pwojè transfòmatif sa yo ki pral pote anpil avantaj mezirab pou atizay ak kilti pou anpil jenerasyon alavni."

Senatè Eta a, Joseph A. Griffo, te deklare, "Artspace Utica Lofts pral ofri atis yo ki nan zòn lan yon opsyon lojman nan pri abòdab, ki bay rannman enèjetik ak yon nouvo espas pou ekspozè zèv yo. Lè pwojè a fini, li pral apiye sou kwasans ki te deja ap fèt nan Utica, Konte Oneida ak Mohawk Valley a."

Manm Asanble, Marianne Buttenschon te deklare, "Nou pa ka atann pou pwojè Artspace Utica Lofts la fini. Transfòmasyon tèren vid sa yo nan Distri Atistik ak Kiltirèl Utica ansanm ak kreyasyon lojman abòdab ak yon sal ekspozisyon ak espas kominote yo se yon adisyon enteresan y ap ajoute nan kad Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la. Mwen remèsye Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, Gouvènè Hochul ak vil Utica a pou sipò san fay yo bay pwojè a."

Majistra Utica a, Robert M. Palmieri, te deklare, "Atizay nan vil la te yon eleman enpòtan nan kalite lavi nan Utica, jan enstitisyon yo pwouve l, tankou Munson, Sculpture Space, Stanley, Player's Theatre, Uptown Theatre for Creative Arts, Film Utica, ak anpil lòt ankò, tèlman gen twòp m pa ka fin site tout. Men, se pou premye fwa nan istwa vil la, Artspace Utica Lofts ap bay tout kalite atis yo yon lojman kote pou yo viv, travay, ak kolabore. Anons ki fèt nan kòmansman konstriksyon an se aboutisman anpil ane travay san pran souf kòmanse depi an 2016 lè achitèk natifnatal Bob Heins te souleve lide pou pote Artspace nan kominote nou an. Mwen remèsye Gouvènè Hochul, Komisè HCR la, Visnaukas ansanm ak Konsèy NYS pou Zèv Atistik la ak NYSERDA paske yo konprann enpòtans pwojè sa genyen pou anba lavil Utica ak pou patisipasyon yo nan finansman ki te pèmèt nou fè anons sa jodi a."

Becky Carlson St. Clair, Direktris, Devlopman Pwopriyete, nan Artspace te deklare, "Artspace kontan anpil pou kòmanse konstriksyon Artspace Utica Lofts. Gen

lontan depi n ap tann moman sa epi kominote a te ban nou sipò enkwayab pandan nou t ap afwonte defi yo. Nou kwè pwojè sa kominote a lanse a pral transfòmasyonèl pou Park Avenue, anba lavil, epi se tout vil la nèt ki pral pwofite de avantaj yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)